

Panse Dan

Chak Etap nan Chemen An



Bay tibebe w la dan ki an sante depi nan kòmansman. *Li fasil!*

- Dousman bwose dan tibebe a de fwa pa jou. Itilize ak yon ti kantite pat dantifris fliyò.
- Mennen tibebe w la kay dantis anvan premye anivèsè nesans li. Kontinye fè tchekòp regilye jan yo rekòmande.
- Bakteri koze dan pouri. Tibebe w la ka “trape” bakteri yo nan men ou.
 - Kenbe bouch ou an sante.
 - Pa itilize menm gode oswa kiyè.
- Mete sèlman dlo, lèt, oswa fòmila nan bibwon oswa goblè.
- Pa mete tibebe w la nan kabann ak yon bibwon oswa goblè.
- Limite ti goute dous ak bwason ki gen sik ladan, tankou ji.

Medicaid ak Pwogram Asirans Sante pou Timoun yo (Children’s Health Insurance Program (CHIP)) kouvri sèvis dantè timoun yo, tankou netwayaj dan yo, tchèkòp, radyografi, fliyò, selan dantè, ak amalgam. Pitit ou a ta gendwa kalifye!

Pou enskri pitit ou an, rele **1-877-KIDS-NOW (543-7699)** oswa vizite **InsureKidsNow.gov**. Èske deja gen asirans? Itilize Dentist Locator la nan **InsureKidsNow.gov** pou jwenn yon dantis ki pre w epi rele pou mete yon randevou ak yon dantis jodi a.

